



Built to Lead

Pou piblikasyon imedyat: 6/27/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN PARAD MOTOSIKLÈT KI REYALIZE POU PREMYE FWA POU REVEYE KONSYANS SOU KANSÈ NAN TETE, GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA POU AMELYORE AKSÈ AK PWOTEKSYON POU DEPISTAJ KANSÈ NAN TETE

Yon Pati nan Kanpay "Fè Tès Depistaj, Pa gen Ekskiz" – Plan Ki Pi Djanm Nan Peyi a pou Ogmante Aksè nan Depistaj Kansè Nan Tete

Ogmante Èdtan Depistaj nan lopital ak Klinik yo; Retire Baryè Asirans yo ak Ofri Konje peye pou Tès Depistaj pou tout Anplwaye Piblik

Derape yon Seri Inisyativ Tounèf, Tankou "Liy Tèks" (81336), pou Ede Moun New York Jwenn Kote ki Toupre yo pou Mamogram

Dè santèn Patisipan, ki gen ladan Sandra Lee ak Billy Joèl, Akonpaye Gouvènè a Nan Parad Motosiklèt pou Reveye Konsyans sou Kansè nan Tete

Nan kad kanpay "Fè Tès Depistaj, Pa Gen Ekskiz", la Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè-lwa pou ogmante aksè nan tès depistaj kansè nan tete ak devlope seri inisyativ pou kansè nan tete ki te dekri nan Diskou Anyèl 2016 la. Gouvènè Cuomo te siyen pwojè-lwa a nan Citi Field pandan parad motosiklèt ki reyalize pou premye fwa nan Eta New York pou reveye konsyans sou kansè nan tete. Dè santèn Patisipan, ki gen ladan Sandra Lee ak Billy Joel te akonpaye Gouvènè a nan parad la pou reveye konsyans sou maladi a toupatou nan Eta New York.

Pake lwa konplè a se plan daksyon pou tès depistaj kansè nan tete ki pi djanm nan peyi a, ki veye aske fanm toupatou nan eta a gen aksè nan sèvis ak swen sante yo bezwen e ke yo merite jwenn. Nouvo lwa a pral mande pwolonje èdtan pou tès depistaj nan 210 etablisman mamografi ki nan lopital toupatou nan eta a ak elimine baryè asirans pou mamogram ak lòt tès depistaj ak pwosedi imajri dyagnostik pou detekte kansè nan tete.

Nan kad yon plan 91 milyon dola ki te anonse nan mwa janvyè, Gouvènè Cuomo te derape tou jodi a yon seri inisyativ tounèf pou konbat kansè nan tete ak ogmante konsyans sou enpòtans pou fè tès depistaj. Nouvo inisyativ yo gen ladan kamyonèt mamografi mobil, navigatè pasyan, yon kanpay piblik pou reveye konsyans, pwogram edikasyon kominotè kanmarad, ak envèstisman grasa fon kapital risk leta soutni pou bay sipò pou teknoloji ki gen rapò ak kansè. Gouvènè a te anonse lansman yon nouvo "Liy Tèks" pou ede fanm jwenn kote yo fè mamogram. Moun New York ka voye tèks

"Get Screened" nan 81336 epi apresa bay zipkòd yo; yo pral resevwa enfòmasyon sou kote ki fè tès depistaj ki gen èdtan pwolonje ki toupre lakay yo.

Gouvènè Cuomo te deklare, "Kansè nan tete afekte fanm nan tout okipasyon oswa klas sosyal, epi nan New York, nou te derape plan ki pi djanm nan peyi a pou reveye konsyans moun piplis sou maladi sa a ak ogmante aksè nan resous ak sèvis ki sove lavi." "Erezman, Sandy te kwape maladi sa a byen bonè epi, avèk lwa jodi a, n ap pran mezi pou asire tout fanm, kèlkanswa orè li oswa sitiasyon finans li, li jwenn aksè nan pi bon tretman ki posib pou kansè – deteksyon byen bonè. Lwa sa a se yon egzanp angajman san rete nou pran pou pwoteje manman, sè ak pitit fi nou yo nan batay kont maladi sa a epi mwen remèsye patnè mwen yo nan Asanble Lejislatif la poutèt yo adopte pwojè-lwa sa. Poutèt nou derape jodi a, n ap ede tout moun ki gen yon wout anfas yo nan batay pou anpeche ak pou geri maladi sa a epi nou pral kontinye efò n ap fè pou bati yon New York ki pi solid e pi ansante. "

Lidè Majorite Sena a John J. Flanagan te deklare: "Mwen kontan Gouvènè a te siyen jodi a yon nouvo lwa ki konfime yon lòt fwa ankò angajman eta a pran pou bay fanm zouti yo bezwen pou batay kont kansè nan tete. Lwa konplè sa a ap ogmante edikasyon, retire baryè pou tès depistaj, elimine ko-peman ak dediktib, agrandi pwoteksyon asirans ak ogmante aksè pou tout fanm New York. Nou tout rekonèt ke deteksyon bonè kontinye rete fason ki pi bon pou chape anba kansè nan tete epi kontinye mennen yon lavi ki long e ansante. Se poutèt sa li enpòtan anpil pou nou fè tout sa ki posib pou ankouraje Moun New York ansanm ak fanmi yo fè tès depistaj yo bezwen e ke yo merite. Mwen remèsye Gouvènè a poutèt li pote limyè sou pwoblèm sa a ak kòlèg nou yo sou toude bò nan asanble a pou devouman yo pou inisyativ sa yo ki sove lavi. "

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare: "Li enpòtan pou nou reveye konsyans ak edike Moun New York sou yon maladi k ap kontinye afekte lavi fanm yo ansanm ak fanmi yo toupatou nan eta a. Pwojè-lwa ki pral vin lwa jodi a pral asire fanm toupatou jwenn aksè nan resous yo bezwen pou ankouraje deteksyon ak dyagnostik byen bonè. Lè nou pwolonje èdtan nan sant tès depistaj yo, lè nou vini avèk opsyon mamografi mobil yo epi diminye baryè asirans ki san nesosite, fanm yo pral gen plis chans pou jwenn tès depistaj yo bezwen ki gen posiblite sove lavi, espesyalman pou moun k ap viv nan kominote defavorize yo. Majorite Asanble a rete angaje nan pwomosyon ak ankouraje estil vi ki pi ansante pou fanm yo paske nou konnen lè nou fè sa, li pral gen yon efè pozitif sou fanmi yo ki dire lontan."

Lidè Konferans Demokrat Endepandan Sena a, Jeffrey Klein, te deklare: "Depistaj kansè nan tete pral sove lavi moun. Lwa sa elimine baryè fanm gen anfas yo nan lavi yo pou jwenn swen sante yo bezwen. Manman nou, sè, zanmi nou pa ta dwe janm andire fado ko-peman nan deteksyon bonè. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li fè sa vin yon priyorite epi li siyen pwojè-lwa enpòtan sa a vin fè li tounen yon lwa jodi a."

Lidè Demokrat Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare: "Kansè nan tete se youn nan fòm kansè fanm ki pi kouran epi deteksyon ak tretman bonè sove lavi. Mwen bat

bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li pran mezi sa yo. Demokrat yo nan Sena a te ede mennen batay la pou asire eta nou an bay sèvis ak sipò pou Moun New York k ap goumen ak kansè nan tete, epi nou kontan kolabore avèk Gouvènè a pou konbat maladi sa a."

Sandra Lee te di: "Pandan m t ap woule moto ak Andrew nan moman anvan li te siyen Pwojè Lwa Pa gen Ekskiz la (No Excuses), mwen te santi m rekonesan poutèt mwen te resevwa sa ki te pi move nouvèl nan lavi m nan moman an – yon dyagnostik kansè nan tete. Mwen te sitèlman kontan mwen te fè tès yon estad bonè. Kounye a, tout fanm nan Eta New York gen menm chans sa. Pwojè Lwa a vini ak èdtan anplis ki ajoute pou fanm fè tès depistaj byen bonè nan maten ak byen ta nan aswè – anvan ak apre lè nòmal travay – epi tès la pral gratis, san ko-peman. Chak fanm nan peyi nou ta dwe gen espwa sa a pou sante. Mwen ankouraje pou gouvènè TOUT eta yo pran mezi ke Andrew te pran an epi reyalize sa pou fanm yo nan tout eta yo -- se sa ki lapriyè mwen jodi a".

KANPAY "FÈ TÈS DEPISTAJ, PA GEN ESKIZ"

Depistaj pou kansè nan tete ka ogmante deteksyon maladi a nan yon estad byen bonè, lè tretman an pi efikas. Avèk nouvo lwa sa a, Eta New York ap retire baryè yo ki souvan anpeche fanm yo fè tès depistaj. Nan kad kanpay Gouvènè a "Fè Tès Depistaj, Pa Gen Ekskiz" la, nouvo lwa a pral:

- Egzije pou 210 lopital ak klinik ekstansyon lopital ofri orè tès depistaj siplemantè pou omwen katrèdtan pa semèn pou ede fi yo ki gen difikilte pou pwograme momografi pandan lè òdinè 9 am rive 5 pm nan jou travay. Èdtan sa yo gen ladan 7 am rive 9 am ak 5 pm rive 7 pm Lendi jiska Vandredi, epi 9 am jiska 5 pm Samdi oswa Dimanch;
- Elimine dediktib anyèl, ko-peman, ak peman ko-asirans (pataj-depans) pou tout tès mamogram depistaj, ankontan sa yo bay fanm pi souvan pase machaswiv federal pou depistaj ki la kounye a, tankou mamogram chak ane pou fanm nan karantèn;
- Elimine pataj-depans pou dyagnostik imaj pou kansè nan tete, sa ki gen ladan dyagnostik mamografi, ekografi tete, ak MRI nan tete pou fi yo ki gen pi gwo risk pou kansè tete. Pakonsekan, fi ki bezwen lòt tès pase mamogram yo fè nòmalman yo pa pral gen pou fè ankenn depans anplis ki sot nan pòch yo pou tès dyagnostik ki pi kouran sa yo;
- Ajoute anplwaye piblik vil yo ki gen popilasyon yon milyon oswa plis, sou popilasyon anplwaye piblik nan Eta New York ke yo akòde kounye a kat èdtan konje pou tès depistaj pou kansè nan tete chak ane. Lwa eta a kounye a egzije pou tout patwon antrepriz piblik bay anplwaye yo kat èdtan konje chak ane pou tès depistaj kansè nan tete. Kounye a, anplwaye piblik nan Vil New York pral resevwa menm benefis ak tout lòt anplwaye piblik nan tout eta a.

Pou devlope apatide nouvo akò lejislatif la, kanpay "Fè Tès Depistaj, Pa Gen Ekskiz" la gen ladan yon seri inisyativ Gouvènè a te dekri anvansa nan ane a pou ankouraje konsyans moun reveye sou benefis ki genyen nan deteksyon bonè ak amelyore aksè pou jwenn tès ki sove lavi. Kanpay 91 milyon dola sa gen ladan:

- 10 kamyonèt mamografi mobil ki pral gaye nan chak rejyon toupatou nan eta a, dekwa pou ofri mamogram nan kominote yo;
- Navigatè pasyan, ki pral disponib nan chak rejyon pou ede fanm jwenn aksè nan tès depistaj ak jwenn tretman ki nesèsè sizoka yo gen kansè nan tete efektivman;
- Yon kanpay pou reveye konsyans piblik la ki konsantre sou kominote defavorize ki gen revni fèb yo pou ankouraje pran konsyans sou enpòtans mamogram yo;
- Pwogram kominotè edikasyon kanmarad ki pral jwenn sipò edikatè fòm ke w ka fè konfyans pou diskite ak fanm yo sou enpòtans mamogram ak deteksyon byen bonè pou kansè nan tete;
- 5 milyon dola nan New York State Innovation Venture Capital Fund pou soutni teknoloji anrapò ak kansè ki montre anpil chans pou reyisi, ki ede ogmante tès depistaj kansè nan tete ak amelyore dyagnostik oswa tretman kansè nan tete.

Komisyone NYS Health, Doktè Howard Zucker te deklare, "Deteksyon bonè se kle pou amelyore rezilta sante ak sove lavi. Inisyativ Gouvènè Cuomo a pral gen yon enpak pozitif estraòdinè sou lavi ak lasante sitèlman anpil Moun New York."

Sipèentandan Sèvis Finans Maria T. Vullo te di, "Lwa revolisyone sa pral sove lavi fanm yo." "Deteksyon kansè nan tete bonè enpòtan anpil pou trete maladi a epi nouvo lwa sa a elimine baryè finansye pou bay tès depistaj kansè nan tete ak dyagnostik imajri ki nesèsè pou fanm yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou devouman li pou kesyon enpòtan sa ak poutèt li vini ak lwa ki pote refòm sa, ki pral ede amelyore aksè pou fanm jwenn tès depistaj pou kansè nan tete ak pwoteje fanmi toupatou nan Eta New York."

Depatman Sèvis Finansye Eta New York pral fè soti yon lèt sikilè pou deklare obligasyon legal konpayi asirans yo genyen pou kouvri tès depistaj ak tretman kansè nan tete. Lèt sikilè a raple konpayi asirans yo li entèdi pou gen pataj-depans nan tès mamografi, imajri dyagnostik, tès depistaj jenetik ak medikaman. Lèt la bay konsèy tou sou pdwendvi Depatman an ke konpayi asirans yo dwe kouvri sèten tretman ki nesèsè sou plan medikal, tankou operasyon pou retire tete pou prevansyon, ak operasyon rekonstriksyon ak pwotèz lè yo dekouvri jèn BRCA 1 oswa 2 oubyen pou moun ki gen yon gwo istwa kansè nan tete nan fanmi yo. Sa pral ede anpeche konpayi asirans yo chaje fanm depans anplis ki soti nan pòch yo pou tès depistaj ak tès dyagnostik kouran yo, epi asire fanm yo kouvri pou tout sèvis ki nesèsè sou plan medikal.

Gouvènè a te siyen lwa a epi li te fè anons sa yo jodi a pandan parad motosiklèt pou kansè nan tete ki reyalize pou premye fwa nan New York. Nan kad parad la, Harley

Davidson ap fè don yon motosiklèt espesyal ke Gouvènè Cuomo pral itilize pandan tout parad la epi apres Breast Cancer Research Foundation pral vann li an piblik pou ranmase lajan pou prevni ak geri maladi a.

"Nou bat bravo pou efò revolisyonè Gouvènè Cuomo pou elimine baryè nan tès depistaj kansè nan tete, epi nou montre respè dèske nou patisipe nan kanpay sa a," **se sa Tonit Calaway, Prezidan Fondasyon Harley-Davidson ak Vis Prezidan Resous Imèn pou Konpayi Motè Harley-Davidson lan te di.** "Ann espere lwa New York la derape yon mouvman nan tout peyi a pou reveye konsyans pipilis ak sove lavi plis fanm."

Manm Asanble Donna Lupardo, Prezidan Caucus Fanm nan Lejislatif la te di: "Nan non 58 fanm ki manm nan Caucus Fanm nan Asanble Lejislatif la, mwen ta renmen remèsye Gouvènè a poutèt li souliyen enpòtans tès depistaj kansè nan tete ak deteksyon bonè. Kanpay "Fè Tès Depistaj, Pa Gen Ekskiz" la rekonèt pwoblèm ki anfas anpil fanm k ap eseye jwenn sèvis. Parad motosiklèt la pral ogmante konsyans toupatou nan eta a, epi simaye lespwa sou wout li. "

Prezidan Queens Borough Melinda Katz te di: "Depistaj bonè pou kansè nan tete ka pote yon chanjman pou tout lavi pou fanm yo, epi jodi a New York ap bay tout fanm chans pou pran devan maladi sa a epi kwape li bonè. New York ap louvri wout la paske li fè sèvis ki sove lavi sa yo pi fasil pou tout fanm jwenn e mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pwojè-lwa enpòtan sa a jodi a."

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare: "Nan sa ki konsènen detekte kansè nan tete byen bonè, li enpòtan anpil pou fè tès depistaj chak ane, epi se pa yon bagay ou ka pran reta ak li ni inyore li. Eta New York ap ede tout fanm jwenn aksè nan resous ki endispansab ke yo bezwen e ke yo merite pou mennen vi ki solid e ansante. Avèk parad jodi a, nou gaye sansibilizasyon epi voye mesaj sou enpòtans pou fè tès depistaj, epi mwen fyè pou akonpaye Gouvènè Cuomo nan yon leve kanpe kont maladi sa a."

Anplwaye Eta New York kounye a resevwa kat èdtan konje ànyèl pou tès depistaj kansè nan tete. Eta a ap mande tout patwon sektè prive yo pou akòde menm kalite benefis sa pou anplwaye yo epi bay kat èdtan konje ànyèl pou tès depistaj kansè nan tete. Trant-senk konpayi angaje yon fason aktif nan efò eta a ap fè pou ofri kat èdtan konje ànyèl ba anplwaye pou tès depistaj kansè nan tete. Nenpòt patwon ki vle mete ansanm ak Eta a nan efò sa a dwe soumèt [la a](#) enfòmasyon pou kontakte yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou tès depistaj kansè nan tete ak sipò, rele liy dirèk Eta New York pou kansè nan tete nan 1-866-442-CANCER (2262). Liy lan louvri 24 sou 24, sèt jou sou sèt, epi yo ka ede moun k ap rele ki pa-pale Angle. Ale nan www.ny.gov/getscreened pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Eta New York pou depistaj kansè nan tete.

###

Gen nouvel anplis ki disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418